KUCHENJERA SEI PAMBERI PAMWARI

**Zvino huchenjeri hunobvepi?
nzvimbo yenjere iripiko? Kumunhu akati,
Tarira, kutya Jehovha, ndihwo uchenjeri;
uye kubva pane zvakaipa ndiko kunzwisisa.
JOBHO 28:20, 28**

Kutya Jehovha ndiwo mavambo ouchenjeri; vose vanochengeta mirayiro yake vanonzwisisa; kurumbidzwa kwake kunogara nokusingaperi. PISAREMA 111:10

Ipapo ndakaona kuti, Uchenjeri hwakanaka kupfuura upenzi, zvichiita sechiedza chakanaka kupfuura rima. MUPARIDZI 2:13

Uchenjeri hunosimbisa akachenjera kupfuura mhare dzine gumi dziri muguta. MUPARIDZI 7:19

Kana umwe wenyu achishaiwa uchenjeri ngaakumbire kuna Mwari, unopavhurira vose asingatuki; uye achapiwa. Asi ngaakumbire nerutendo, asingakahadziki chinhu; Nokuti munhu anokahadzika akaita sefungu regungwa rinosundwa uye richimutswa-mutswa nemhepo. Nekuti munhu uyu ngaarege kufunga kuti uchazogamuchira chinhu kubva kuna Ishe; Munhu ane moyo miviri, usina kwake panzira dzake dzose. JAKOBHO 1:5-8

Ndiani pakati penyu akachenjera, anoziva zivo? Ngaaratidze nemufambiro wakanaka mabasa ake neunyoro hweuchenjeri. Asi uchenjeri hunobva kumusoro pakutanga hwakachena, kozouya kuva nerugare, kunyorova, kuteerera, kuzara netsitsi nezvibereko zvakanaka, hwusina kutsaura, hwusina kunyengera. JAKOBHO 3:13, 17

Kutya Jehovha ndiwo mavambo ezivo, asi mapenzi anoshora uchenjeri nokurayirwa. ZVIREVO 1:7

Munhu, awana uchenjeri, anomufaro, Naiye munhu, anowana njere. ZVIREVO 3:13

Mwanakomana wangu, kana ukagamuchira mashoko angu, Nokuchengeta mirairo yangu kwauri; Kuti urerekere nzeve yako iteerere uchenjeri, Nokurwadza moyo wako, kuti unzwisise; Zvirokwazvo, kana ukachemera kunzwisisa, Ukadanidzira nenzwi rako kuti uwane njere; kana ukahutsvaka sesirivha, ukahutsvakisisa sefuma yakavanzwa; Ipapo uchanzwisisa kutya Jehovha, Nokuwana zivo yaMwari. Nokuti Jehovha ndiye anopa uchenjeri, uye mumuromo make munobuda zivo nokunzwisisa. Anochengetera vakarurama uchenjeri chaihwo; Ndiye nhovo yavanofamba muzvokwadi; Anorinda makwara okururamisa, Nokuchengeta nzira yavatsvene vake. Ipapo uchanzwisisa kururama, nokururamisa, nokutendeka; hongu, nzira dzose dzakanaka. ZVIREVO 2:1-9

Wana uchenjeri, wana kunzwisisa; usatsauka pamashoko omuromo wangu. Usahusiya, hugokuchengeta; uhude, hugokuchengeta. Uchenjeri chinhu chikuru; saka uzviwanire uchenjeri, uye nezvose zvaunazvo uzviwanire njere. Uhukudze, hugokukwiridza iwe; huchakuvigira kukudzwa, kana uchihumbundikira. Huchapa musoro wako chishongo chakanaka; Huchakuisira korona inobwinya. ZVIREVO 4:5-9

Kutya Jehovha ndiwo mavambo ouchenjeri, uye kuziva Mutsvene ndidzo njere. ZVIREVO 9:10

Benzi rinoti kuita zvakaipa kutamba; Ndizvo zvinoitawo munhu anonzwisisa. Muromo wowakarurama unobudisa uchenjeri, asi rurimi rusakarurama ruchabviswa. ZVIREVO 10:23, 31

Kana kuzvikudza kuchisvika, kunyadziswa kwasvikawo; Asi uchenjeri huri kune akazvininipisa. Anoninipisa wokwake anoshaiwa uchenjeri; Asi munhu ane njere anoramba anyerere. ZVIREVO 11:2, 12

Munhu acharumbidzwa zvakaenzana nouchenjeri hwake; Asi ane moyo akatsauka, achazvidzwa. ZVIREVO 12:8

Kuzvikudza kunongouyisa kukakavara; Asi uchenjeri huri kuna vanotenda kurairirwa. ZVIREVO 13:10

Upenzi hunofadza munhu anoshaiwa uchenjeri; Asi munhu ane njere anofamba achirurama. Kutya Jehovha kunodzidzisa uchenjeri; uye kuzvininipisa kunotangira kukudzwa. ZVIREVO 15:21, 33

Kuwana uchenjeri kunokunda sei kuwana ndarama; Zviri nani kutsaura kuwana kunzwisisa pane sirivha! ZVIREVO 16:16

Anowana uchenjeri, anoda hupenyu hwake; Anochengeta njere, achawana zvakanaka. ZVIREVO 19:8

Tenga chokwadi, urege kuchitengesa; uye uchenjeri, nokurairirwa, nokunzwisisa. ZVIREVO 23:23

Ani naani anoda uchenjeri, anofadza baba vake; Asi anoshamwaridzana nezvifeve, anorasha fuma yake. ZVIREVO 29:3

Shamhu nokuraira zvinouyisa huchenjeri; Asi mwana wangoregwa hake anonyadzisa mai vake. ZVIREVO 29:15